QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko'chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«18» август 2021-у. № 01-01/4-3701 «____»-____________ 2021-j.

**Өзбекстан Республикасы Президентиниң Қарақалпақстан Республикасындағы Халық қабыллаўханасына**
**Нөкис қаласы, Таслақ елаты, О.Шайыр көшеси, рақамсыз жайда жасаўшы пуқара А.Есемуратовқа**

**Нусқасы**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Сизге, Өзбекстан Республикасы Президентиниң Қарақалпақстан Республикасындағы Халық қабыллаўханасына жумыс орныңызды Нөкис қаласына өзгертип бериўде әмелий жәрдем бериўди сорап еткен мүрәжатыңыз тийисли қәнигелер тәрепинен үйренип шығылып, нәтийжеси бойынша төмендегилерди мәлим етеди.

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигинин 2021-жыл 29-январьдағы "Халық билимлендириўи системасындағы шөлкем ҳәм билимлендириў мәкемелеринде бос жумыс орынлары (вакант лаўазымлар) ҳаққында министрликтиң рәсмий веб-сайты арқалы дағаза бериў тәртиби ҳаққында"ғы 20-санлы буйрығы қабыл етилди.

Усы буйрық пенен, Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң "Мектеп билимлендириўи барысын басқарыў системасы - ish.uzedu.uz" базасында "Бос жумыс орынлары" бөлими арқалы район(қала)лық халық билимлендириў бөлимине қараслы улыўма орта билим бериў мәкемелери тәрепинен бос турған лаўазымларға ish.uzedu.uz сайты арқалы ашық таңлаўға дағаза бериледи.

Жоқарыдағылардан келип шығып, район(қала)лық халық билимлендириў бөлимине қараслы улыўма орта билим бериў мәкемелеринде бар болған бос жумыс орынлары ҳаққындағы мағлыўматларды ish.uzedu.uz сайтынан үйренип шығып, бос жумыс орны бар болған жағдайда тийисли тәртипте өзиңиздиң мағлыўматыңызды киритсеңиз жумысқа жайласыў имканиятына ийе болатуғынлығыңызды мағлыўмат ушын билдиремиз.

Сондай-ақ, министрликтиң Сизге берген жуўап хатынан қанаатланбасаңыз жоқары турыўшы уйымларға мүрәжат етиў ҳуқықыңыз бар екенлигин түсиндиремиз.

**Екинши мәнзилге:** Мағлыўмат ушын.

**Министр орынбасары** **Ш.Таджимуратов**

Таярлаған: С.Жуманиязов
Тел: 61 222 24 66

## АКТ

**Нөкис қаласы** « 18 » август 2021 жыл

**Дүзилди усы акт төмендеги хызметкерлердиң қатнасында:**

1. ҚР Халық билимлендириў министрлиги қәнигеси Д.Айтжанов
(фамилияси, исми ва шарифи)
2. ҚР Халық билимлендириў министрлиги Кадрлар бөлими қәнигеси Ж.Алламбергенов
(фамилияси, исми ва шарифи)
3. ҚР Халық билимлендириў министрлиги Кадрлар бөлими қәнигеси Х.Абдижаббаров
(фамилияси, исми ва шарифи)
4. 
(фамилияси, исми ва шарифи)
5. 
(фамилияси, исми ва шарифи)

**Акт мазмуны төмендегише:**

Нөкис қаласы, Таслақ елаты, О.Шайыр көшеси, рақамсыз жайда жасаўшы пуқара А.Есемуратовтың Өзбекстан Республикасы Президентиниң Қарақалпақстан Республикасындағы Халық қабыллаўханасына еткен мүрәжаты тийисли тәртипте үйренип шығылып, нәтийжеси бойынша мүрәжат ийесине министрликтиң 2021-жыл 18-августтағы 01-01/4-3701-санлы хаты менен жазба түрде жуўап берилди.

Усы жуўап хаты мүрәжат ийесиниң үй мәнзили болған Нөкис қаласы, Таслақ елаты, О.Шайыр көшеси, рақамсыз жайға почта арқалы жиберилди.

Усы акттиң дурыслығына қол қойыўшылар.
1. Д.Айтжанов (имзо)
2. Ж.Алламбергенов (имзо)
3. Х.Абдижаббаров (имзо)
4. (имзо)
5. (имзо)

3-sh.

"O`zbekiston pochtasi" aksiyadorlik jamiyati

3/3240 -son KVITANSIYA
(kvitansiya yoki shtrixli pochta identifikatori raqami)
buyurtma з/п. ______ qabul qilishda
(jo`natma turi) (alohida belgisi)
Qayerga Нөкис
Kimga А Есемуратов
Og`irlik 0,010 g.
Jo`natish uchun to`lov 7 so`m ______ tiyin
Qabul qildi ______
(imzo)